



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 23 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PIBLIKASYON RAPÒ FINAL KOMISYON MORELAND KI MONTRE DEFISYANS AN MOVE KONDUIT NAN LIPA EPI KI PWOPOZE REFÒM SERYE NAN SÈVIS PIBLIK YO

Komisyon Rekòmande Pwokirè Federal yo pou Mennen Ankèt sou LIPA

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse piblikasyon rapò final Komisyon Moreland sou Preparasyon ak Repons Sèvis Piblik la pou Ouragan Gouvènè Cuomo te bay Komisyon an Responsablite nan mwa novanm 2012 pou mennen ankèt ak fè etid sou repons konpayi sèvis kouran New York pou dènye ouragan ki te afekte Eta a ak konpetans sipèvizyon kontwòl sèvis piblik yo, ak revizyon ajans enèji Eta ak fonksyon otorite yo. Rapò yo pibliye jodi a montre rezilta premye Komisyon Moreland Gouvènè Cuomo, pandan l ap prepare pou chwazi yon dezyèm komisyon pou mennen ankèt sou koripsyon ak enfliyans lajan ak politik nan gouvènman eta a.

Komisyon an te fè yon seri dekouvèt chokan konsènan fason Long Island Power Authority's (LIPA) itilize konsiltan li yo. Ant ane 2008 ak 2011, LIPA te peye plis pase \$64,8 milyon dola pou kontra avèk konsiltan deyò. Nan kantite lajan sa a, yo te peye \$28 milyon dola ba Navigant Consulting, Inc. Revizyon Komisyon an te fè sou bòdwo yo ant ane 2007 ak 2013 te montre patisipasyon pwofon Navigant nan prèske tout aspè biznis LIPA – ak depans ekstrawòdinè Navigant pou kontribiyab yo. Rapò Komisyon an te montre gwo pwoblèm bòdwo ki gen dout, ranbousman pou gwo depans ki pa asosye avèk travay, ak yon pratik pòt-tounant enkyetan ant Navigant ak anplwaye LIPA ki kapab vyole lwa etik leta. Yo te voye rezilta Komisyon an konsènan relasyon ant LIPA ak Navigant ba pwokirè federal yo pou yo mennen ankèt ak pètèt fè pouwit nan lajistis si yo wè li nesesè.

Rapò Komisyon an devlope sou revizyon preliminè Rapò Pwovizwa pwogram ak aktivite efikasite enèji Eta a, epi li egzamine defi ki asosye avèk kontwòl depans investisman yo nan enfrastrikti. Answit, rapò a idantifye kèk defisyans nan kontwòl epi li sijere mezi pou ranfòse reprezantasyon enterè konsomatè Eta nan yon biwo sipò fòmèl.

Ankèt Komisyon Moreland nan sèvis piblik investisè New York posede dekouvri kèk pwoblèm sistemik nan endistri a, tankou enkonpetans, dezòganizasyon, ak mank planifikasyon. Rapò a montre yon seri rekòmandasyon ki espesifik nan nivo endistri a ak sèvis piblik yo ki vize pou amelyore pwoblèm ki idantifye yo. Rapò final la disponib [la a](#).

Haitian Creole

Gouvènè Cuomo di konsa, “Ouragan Sandy te montre repons enkonpetan ak inakseptab konpayi sèvis piblik ki toupatou nan pati sid New York pandan youn nan peryòd ki frajil nan eta nou an. Mwen te chwazi yon Komisyon Moreland pou mennen ankèt ak fè refòm sou sèvis piblik sa yo pou repare konfyans nan sistèm nan pou kontribiyab yo, ak pou fè refòm nan repons ak preparasyon sèvis piblik pou ouragan k ap vanse. Komisyon an te fè yon kokennchenn travay, pou mennen yon ankèt apwofondi sou chak aspè operasyon ak jesyon sèvis piblik yo. Rezilta yo pibliye jodi a montre yon seri kesyon konsènan jesyon LIPA avèk yon kontra konsiltasyon ki te fè depans san eksplikasyon pou kontribiyab yo epi ki te konsène anpil depans ki sanble pa gen anyen pou wè avèk distribisyon kouran pou sitwayen Long Island yo. Mwen sipòte demann Komisyon an pou yon enstitisyon pwokirè fè ankèt konplè ak apwofondi. Mwen di manm distenge Komisyon an, Direktè Egzekitif Regina Calcaterra ak anlwaye Komisyon an mèsè pou devouman ak angajman yo.”

Robert Abrams, Ko-Prezidan Komisyon Moreland, di konsa, “Aplikasyon rekòmandasyon Komisyon pral kreye opòtinite pou yon pi bon mezi prekosyon pou Nouyòk yo sizoka gen ouragan pidevan, prevwa plis pwoteksyon kliyan pou kliyan sèvis piblik ki pa t jwenn avantaj sou plan istorik akòz mank yon teren jwèt kin gen nivo, epi sa pral mennen lajistis moun ki fè sa ki pa bon lè yo vyole lwa etik New York.”

Benjamin Lawsky, Ko-Prezidan Komisyon Moreland, di konsa, “Pwoblèm Komisyon an te jwenn nan LIPA ekstrèman chokan epi pwokirè kriminel dwe mennen ankèt sou kèk nan yo. Ankèt jeneral nou te dekouvri gaspiyaj ak enkonpetans chokan nan LIPA ki te ede ogmante tarif fanmi Long Island yo. Yon abitud pòt-tounant ak mank sipèvizyon te bay kontribiyab yo pwoblèm avèk bòdwo pou gwo depans ki gen dout, epi pwokirè yo ta dwe revize yo. Komisyon an te pran fonksyon Gouvènè Cuomo te bay yo trè oserye. Rapò Final la bay gwo detay anpil defisyans nou te jwenn nan repons sèvis piblik yo nan dènye ouragan New York yo. Rapò a ak rekòmandasyon li yo deziyen pou ede asire sèvis piblik yo pi byen prepare pou move tan pidevan yon fason pou fanmi New York yo pi byen pwoteje.”

Men manm ki nan Komisyon an:

Ko-Prezidan Robert Abrams, ansyen Pwokirè Jeneral Eta New York

Ko-Prezidan Benjamin Lawsky, Sipè-Entandan Depatman Sèvis Finans

Peter Bradford, ansyen Prezidan Komisyon Sèvis Piblik

Tony Collins, Prezidan Clarkson University

John Dyson, ansyen Prezidan New York Power Authority

Rev. Floyd Flake, Pastè ki pi Ansyen nan Greater Allen African Methodist Episcopal Cathedral

Mark Green, ansyen Defansè Piblik Minisipalite Vil New York

Joanie Mahoney, Egzekitif Konte Onondaga

Kathleen Rice, Pwokirè Distri Konte Nassau

Dan Tishman, Vis-Prezidan nan AECOM Technology Corporation, ak Prezidan ak Direktè Jeneral Tishman Construction Corporation

Rezime Rezilta sou LIPA

1. Pwoblèm Faktirasyon Navigant Consultant

Gwo Tarif Iregilye pa Èdtan ak Kantite Èdtan ki dwe faktire: Paske pifò nan 52-64 konsiltan Navigant k ap sèvi LIPA se moun ki ansyen nan ran, tarif pa èdtan yo faktire LIPA varye ant \$300 dola ak \$500 dola, pou depans sèlman. Gwo tarif yo dwe faktire ki melanje avèk senk konsiltan Navigant ki faktire anplis 1.800 èdtan pa ane avèk yon faktirasyon ki rive nan 3500 èdtan nan yon sèl ane te lakòz gwo depans pou LIPA.

Deskripsyon Sèvis yo Bay ki pa Apwopriye: Kèk konsiltan Navigant te bay bòdwo pou kantite èdtan yo san yon deskripsyon sèvis yo te bay la ak lè. San yon deskripsyon konsa, li pa posib pou moun ki alatèt depatman an revize si kantite èdtan ki nan bòdwo yo koresponn kòrèkteman avèk sèvis yo bay la.

Metodoloji ki pa Klè pou Afekte Lajan: Metodoloji LIPA anplwaye nan afektasyon lajan anba kontra \$23 milyon dola ki apwouve avèk Navigant pa klè ditou. Navigant gen abitud pou soumèt pwopozisyon pou ede LIPA avèk pwojè ki tonbe anba plizyè konpetans travay. Travay Navigant te sanble ap devlope plis woutin ak non-tanporè nan biznis LIPA.

2. Ranbousman ki gen Dout pou Bòdwo Navigant Consultant

Avèk anpil konsiltan k ap sèvi LIPA k ap viv nan lòt eta, LIPA te fè plizyè gwo depans ki asosye avèk vwayaj. Langaj vag akò ki asosye avèk depans pou vwayaj pa enpoze restriksyon oswa limit sou depans yo. Answit, pa gen anyen ki endike ki, si genyen, mezi LIPA te pran pou redui kalite depans sa yo.

Nan mwa novanm 2007, LIPA te ranbouse konpayi konsiltasyon an \$6.815.30 dola pou yon tan 11 jou yon konsiltan te pase nan yon otèl nan Vil New York. Kantite lajan sa a gen ladan yon depans pa jou pou apeprè \$542 dola pou lojman. Gid Eta New York itilize kounye a egzijè yon limit \$295 dola pa jou pou lojman nan Manhattan ak yon alokasyon \$71 dola pa jou pou manje ak lòt ti depans.

Yon konsiltan Navigant te depanse lajan pou yon vwayaj ant Washington, D.C. ak Culebra, Pòtoriko, ansanm avèk frè pou yon vòl nan idravyon ant San Juan ak zile Iwen ki gen otèl. Sitwèb konpayi Navigant endike konsiltan patikilye sa a kòm yon moun k ap viv nan biwo ajans Washington, D.C. epi li pa t bay okenn eksplikasyon pou bezwen vwayaj la pou ale oswa pou retounen nan zòn sa a. Direktè Jeneral LIPA nan epòk sa a te apwouve depans sa a pèsònèlman. LIPA te peye yon ranbousman \$400 pou tout frè renouvèlman pou yon lisans jeni konsiltasyon nan yon lòt eta.

LIPA te peye yon frè \$325 dola pou yon manm klib liy ayeryen.

Aprè Komisyon an te dekouvri faktirasyon ki gen dout ak pratik ranbousman sa yo, epi apre yon temwen te fè konnen pa t gen odit sou pratik yo, te gen yon enkyetid ki montre si pratik sa yo te konekte ka gen ogmantasyon nan yon plan pou fè fwod. Depi yo te rive nan limit sa a, Komisyon an te jwenn lòt ankèt deyò te garanti pou detèmine si lòt konsiltan Navigant te swiv pratik ki sanble yo. Si yo kwè li pa kòrèk, aksyon sa yo ka lakòz vyolasyon lwa Eta a ak lwa federal epi pou rezon sa a, Komisyon Moreland rekòmande zafè a ba pwokirè yo pou yo mennen lòt ankèt.

3. Pwoblèm Pòt-Tounant

Nan pwosesis revizyon Komisyon an sou kontra LIPA avèk Navigant, yo te dekouvri kèk anplwaye LIPA ki te konn travay nan Navigant sou kontra LIPA ak kèk ansyen anplwaye LIPA se moun ki gen kontra kounye a avèk Navigant. Relasyon sa yo kapab vyole lwa Eta a.

Michael Hervey, Ansyen Direktè Jeneral LIPA ak Direktè Jeneral Pwovizwa, ap sèvi kounye a kòm yon Direktè Konsiltan Enèji pou Navigant. Hervey te kite LIPA nan mwa desanm 2012 apre douz ane nan LIPA epi li te antre nan Navigant yon ti tan apre nan mwa janvyè 2013. Pandan li te anplwaye kòm COO LIPA ak CEO pwovizwa, Hervey te revize ak apwouve plis pase \$15 milyon dola bòdwo Navigant te voye bay Divizyon Operasyon LIPA ant ane 2007 ak 2012. Nan ane 2011 sèlman, Hervey te apwouve 50% nan \$7,2 milyon dola nan bòdwo Navigant te voye ba LIPA. Answit, nan ane 2010, Hervey te pèsoneyman siyen yon kontra \$23 milyon dola pou pwolonje sèvis kontra sèvis piblik avèk Navigant pou 5 ane.

Jim Peterson, ansyen Direktè Kontra Enèji nan LIPA ant ane 2001 ak jiyè 2008, se yon Direktè kounye a nan Navigant epi li parèt sou Fèy Tarif Navigant pou yon frè \$353 dola pa èdtan pou faktire pou sèvis konsiltasyon.

David Clarke, Direktè Mache Enèji LIPA, te kite Navigant pou ale nan LIPA nan mwa septanm 2010. Pandan li te nan Navigant, Clarke te faktire travay pou ekip Mache Enèji LIPA, ekip kote li se yon direktè kounye a. Imedyatman apre li te antre nan LIPA, yo te abòde plizyè bòdwo Navigant ki konsène frè Mache Enèji avèk Clarke, epi manadjè li, Vis-Prezidan Mache Enèji, te apwouve bòdwo sa yo.

John Little, Direktè Kreyasyon Tarif LIPA, te kite Navigant nan ane 2009 pou antre nan LIPA.

Pratik pòt-tounant sa a sitou bay pwoblèm paske LIPA pa t gen okenn kontwòl santral pou revize frè konsiltan/moun ki gen kontra epi pou pwoteje kont konfli enterè oswa aparans iregilarite.

4. Iregilarite Finansye

Ogmantasyon Frè Distribisyon LIPA pou ane 2011 te kalkile yon fason ki pa t kòrèk pou kache reyalite ki montre ogmantasyon an pa t 1,9% men an reyalite, apeprè 4,3%.

Deklarasyon LIPA ki endike l ap sòti nan dèt \$4,2 milya dola anvan ane 2013 te souvan gen ladan yon reprezantasyon ki pa kalifye kòm eliminasyon dèt.

Pratik kontablite ki gen defo lakòz LIPA fè kliyan li yo peye plis lajan pou \$231 milyon dola nan li erè frè ki pèdi, ki korije kounye a dapre deklarasyon piblik yo.

Antou, pwoblèm ki asosye avèk faktirasyon konsiltan yo, depans pou vwayaj, pèt nan nivo \$231 milyon dola, ogmantasyon twòp frè pou distribisyon, ak deskripsyon eliminasyon dèt montre yon modèl mank sipèvizyon, kontablite ki pa kòrèk, mank transparans ak yon reprezantasyon ki pa tradisyonèl nan plan jesyon dèt yo. Bagay sa yo montre kesyon enpòtan sou egzaktitud ak fyabilite rapò finansye LIPA ak fason li opere move kondisyon tan endepandan yo.

Rezime Rezilta Règleman ak Rekòmandasyon

1. Pwogram Efikasite Enèji

Komisyon an te jwenn nivo sipèvizyon pwogram efikasite enèji PSC pa konsidere pi bon pratik, tandans ak pèfòmans jeneral pwogram nan. Pa egzanp, PSC enpoze gwo kondisyon rapòtaj done, ki pa gen yon baz done santral pou swiv done yo pran yo oswa pèfòmans pwogram nan. PSC te kreye tou yon sitiyasyon kote te gen plis pase 100 pwogram NYSERDA k ap fè konpetisyon ak sèvis piblik ki gen diferan règ, aplikasyon, ak pwosesis pou patisipasyon ki lakòz kliyan yo gen konfizyon epi ki diminye efikasite jeneral pwogram yo.

Komisyon an rekòmande pou nivo sipèvizyon PSC/DPS re-dirije pou konsantre sou suivi pèfòmans pwogram nan, olye men detay pwogram nan. Men kèk nan rekòmandasyon ki sijere nan rapò a:

Revizyon kilès nan 100 pwogram yo ki pi efikas epi gwoupman ak eliminasyon diferans ant NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo
Devlopman yon platfòm IT pou swiv ak evalye efikasite pwogram nan

2. Investisman nan Enfrastrikti Sèvis Piblik

Komisyon an te rekonèt frajilite enfrastrikti sèvis piblik la nan move kondisyon tan epi li te note ranfòsman te nesè akòz dènnye eksperyans yo. Men, li te rekonèt gwo depans yo tou ki asosye avèk ranfòsman ak antretyen sistèm elektrik New York ak konpwomi avèk ogmantasyon tarif sèvis piblik la. Komisyon an rekòmande pou investisman ranfòsman enfrastrikti sible ak finanse nan sous ki la deja nan premye egzanp la, olye yo fè sa avèk ogmantasyon tarif yo. Men kèk nan rekòmandasyon ki sijere nan rapò a:

Pèfòmans yon revizyon sante resous yo pou detèmine domèn pou amelyorasyon epi pou ogmante efikasite a nèt nan plan investisman enfrastrikti yo
Diminisyon tarif yo ak gen enpak lè li:

- o Re-afekte apeprè \$500 milyon dola nan finansman anyèl ant evalyasyon PSL § 18-a ak sèvis piblik yo pou sipòte lòt investisman nan enfrastrikti
- o Ogmante lajan sa a avèk lòt sous ki la deja oswa yon “Pwogram Eko-Ensitatif pou Ouragan”

3. Reprèzantasyon Enterè Kliyan yo

Komisyon an te detèmine kontribiyab yo pa gen ase reprèzantasyon devan PSC. Pa egzanp, PSC jwenn egzanpsyon nan règ yon *sèl pati* ajans Eta yo pou pèmèt sèvis piblik yo ak moun k ap fè lòbi yo jwenn aksè san pwoblèm nan moun k ap pran desizyon pou PSC, pandan fonksyon Eta defans kliyan yo ki asosye avèk sèvis piblik kouran elektrik te bese nan dènye ane yo. Poutèt sa, Komisyon an te sijere pou gen plis reprèzantasyon kontribiyab yo devan PSC, tankou:

Eliminasyon egzanpsyon obligatwa PSC/DPS ki la deja nan règ yon *sèl pati* epi ki fikse limit tan espesifik pou aplikasyon yo ak sanksyon pou vyolasyon ki fèt yo.

Kreyasyon yon Komisyon Sèvis Piblik Sitwayen pou pi byen asire enterè kontribiyab yo ap reprèzante toutbon nan pwosedi kontwòl ak lajistis.

Rezime Rezilta Ankèt la ak Rekòmandasyon

Komisyon an te idantifye twa pwoblèm prensipal ki komen nan preparasyon ak repons sèvis piblik Eta a nan dènye ouragan yo. Premyèman, pifò sèvis piblik yo pa t bay enfòmasyon apwopriye ak lokalize pou kliyan yo ak minisipalite yo konsènan estimasyon tan pou repara sèvis la (ETR), anpati akòz itilizasyon limite teknoloji ki disponib. Dezyèmman, sèvis piblik yo gen yon plis depandans sou asistans youn ak lòt (travayè sèvis piblik nan lòt eta), ki, sitou nan gwo evènman yo, pa ase pou jwenn ekip ki nesèsè paske lòt sèvis piblik yo pa vle voye ekip yo jouk lè yo konnen konsekans ouragan an nan zòn yo. Sa kreye yon pwosesis ki trè konpetitif pou sèvis piblik yo pou jwenn lòt resous poukont yo. Finalman, Komisyon an te jwenn sèvis piblik yo pa gen pwosedi ki defini anplas pou bay repons pou gwo evènman inondasyon. Men kèk nan rekòmandasyon ki sijere nan rapò a pou abòde zòn endistriyèl sa yo pou amelyorasyon:

Sèvis piblik yo ta dwe amelyore devlopman ak piblikasyon ETR lokalize ak endividyèl pandan y ap kontwole atant kliyan yo konsènan fyabilite premye ETR obligatwa a.

Idantifye anplwaye siplemantè sèvis piblik epi bay yo fòmasyon polivalan pou bay èd pandan ouragan yo.

Sèvis piblik yo ta dwe jwenn pi bon sansibilizasyon pou sitiyasyon yo lè li:

- o Kowòdone avèk founisè kab yo pou pran avantaj nan kapasite kominikasyon de sans sistèm sa yo
- o Rasanble enfòmasyon sou evalyasyon domaj yo sou fòm elektwonik (pa egzanp, tablèt enfòmatis, PDA yo)

Sèvis piblik yo revize nivo anplwaye ki la deja epi evalye enpak yon mendèv ki la lontan sou kapasite yo pou reponn nan gwo ouragan yo avèk efikasite

Sèvis piblik yo angaje yon efò nan nivo endistri pou rezoud defisyans nan pwosesis èd youn pou lòt la

Anvizaje agrandi wòl Gad Nasyonal nan sipòte efò reparasyon sèvis piblik yo

Amande Kòd Konstwiksyon Eta New York ak Vil New York pou kode yon enspeksyon inifòm ak pwosedi sètifikasyon ki asosye avèk ekipman elektrik domaje kliyan yo ki deklanche akòz yon

evènman move tan grav

Kominike pwosedi yo avèk gouvènman lokal ak kliyan yo anvan evènman yo lè gen yon risk inondasyon yo prevwa

Fòmalye itilizasyon elektrisyen ki gen lisans ak lòt enspektè ki fòm pou bay èd nan evalyasyon ak izòlman kliyan ki afekte yo.

Komisyon an te rekòmande amelyorasyon espesifik sèvis piblik la, tankou:

Con Edison – Fòmalye nan aksyon Plan Ouragan Kotyè Jeneral li te fè pou rezoud enkyetid resous epi pou kowòdone avèk gouvènman an pou idantifye pozisyon enfrastrikti enpòtan yo
Orange and Rockland – Nesosite pou yon pwosedi fòmalye pou afekte resous yo ant Orange ak Rockland ak konpayi sè li, Con Edison

New York State Electric and Gas – Amelyore fonksyonalite sant ouragan yo, tankou sant sèvis Brewster, epi asire sante yo gen ase mwayen pou kominike

Rochester Gas and Electric – Nesosite pou fòm plis anplwaye kòm evalyatè domaj

Central Hudson – Amelyore preparasyon ak planifikasyon anvan ouragan pou inondasyon

National Grid – Pran mezi pou sipòte sipèvizyon fonksyon planifikasyon ijans li, tankou pou ajoute lòt manm posib nan ekip planifikasyon pou ijans

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418